



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SELEBRE RADICAL AI K AP ETABLI PREMYE LABORATWA SYANS MATERYÈL KI TOTALMAN OTONÒM NAN NOUYÒK NAN BROOKLYN NAVY YARD LA**

*Konpayi Rechèch ak Devlopman (R&D) nan syans materyèl la pral renove nouvo katye jeneral li epi konstwi laboratwa avanse ki baze sou entèlijans atifisyèl*

*Pwojè a pral kreye 115 nouvo djòb ki peye byen epi katalize sektè teknoloji pwofon ak entèlijans atifisyèl k ap grandi nan Vil Nouyòk la*

*Sipòte pa jiska 2 milyon dola nan Kredi Taks Pwogram Travay ESD Excelsior ki baze sou pèfòmans*

Gouvènè Kathy Hochul te selebre jodi a Radical AI, yon konpayi rechèch ak devlopman syantifik ki konsantre sou dekouvri nouvo materyèl inòganik, pou etablisman premye laboratwa syans materyèl ki totalman otonòm nan Nouyòk nan Brooklyn Navy Yard. Konpayi an pral renove epi reutilize espas ki nan Building 20 an pou kreye yon katye jeneral ak yon sant rechèch dènye kri ki kapab fè apeprè 100 eksperyans ki fonksyone ak entèlijans atifisyèl pa jou. Pwojè 4 milyon dola a, ki resevwa jiska 2 milyon dola nan kredi taks Pwogram Djòb Excelsior (Excelsior Jobs Program) ki baze sou pèfòmans nan men Empire State Development (ESD), gen pou kreye 115 nouvo djòb ki byen peye nan domèn syans materyèl ak entèlijans atifisyèl (IA) k ap grandi rapidman. Investisman sa a apiye sou estrateji eta Nouyòk la pou devlope endistri pwochen jenerasyon yo, elaji opòtinite travay ki gen salè ki wo, epi ranfòse ekonomi inovasyon eta a.

"Nouyòk ap dirije nasyon an nan transfòme rechèch dènye kri an inovasyon reyèl ak travay ki byen peye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Desizyon Radical AI pou etabli premye laboratwa syans materyèl ki totalman otonòm nan eta a nan Brooklyn Navy Yard ranfòse pozisyon nou kòm yon sant mondyal pou entèlijans atifisyèl, fabrikasyon avanse, ak rechèch teknoloji pwofon. Lè nou investi nan konpayi ki pouse limit syans ak teknoloji yo, n ap asire ke dekouvèt ki kondwi kwasans ekonomik alontèm yo devlope, elaji, epi komèsyalize nan eta sa a."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) lan, Hope Knight, te deklare,** "Desizyon Radical AI pou konstwi premye laboratwa

syans materyèl ki totalman otonòm nan Nouyòk nan Brooklyn Navy Yard souliye fòs ak divèsite ekonomi inovasyon nou an. Pwojè sa a reyini entelijans atifisyèl, rechèch avanse, ak kreyasyon djòb ki gen kalite siperyè nan yon domèn ki touche prèske tout sektè ekonomi mondyal la. Avèk sipò Empire State Development, Radical AI ap ede asire ke pwochen vag dekouvèt materyèl, komèsyalizasyon, ak kwasans antrepriz demaraj yo rive isit la menm nan Vil Nouyòk."

**PDG ak ko-fondatè Radical AI, Joseph Krause, te deklare,** "Nouvo etablisman nou an pral fè eksperyans materyèl nan yon vitès ak yon echèl ke R&D tradisyonèl la pa ka egale, pou kaptire done eksperimental ki fè IA nou an pi entelijan de jou an jou, gras ak yon sistèm kote done yo ap sikile epi bay rezilta kontinyèlman. Misyon nou se konpreze plizyè deseni dekouvèt materyèl an kèk ane oswa mwa, epi nou rekonesan anvè ESD pou sipò li bay vizyon sa a."

**Ko-Prezidan NYCREDC Félix V. Matos Rodríguez, Rektè City University of New York ak William D. Rahm, Direktè Egzekitif Jeneral Everview Partners, te deklare,** "Avni ekonomik Vil Nouyòk depann de kapasite nou pou atire epi devlope konpayi k ap opere nan dènye kri syans ak teknoloji. Ekspansyon Radical AI nan Brooklyn Navy Yard la reflète sistèm talan san parèy rejyon an, kapasite rechèch li, ak anviwònman inovasyon kolaboratif li a. Pwojè sa a pa pral sèlman kreye travay ki byen peye, men tou li pral ranfòse pozisyon Vil Nouyòk kòm yon sant mondyal pou rechèch ki baze sou entelijans atifisyèl, fabrikasyon avanse, ak devlopman nouvo antrepriz pwochen jenerasyon an."

**Vis Prezidan Prensipal Kòporasyon Devlopman Ekonomik Vil Nouyòk (New York City Development Corporation, NYCEDC) pou Patenarya, Justin Kremer, Vis Prezidan Senior pou Patenarya nan, te deklare,** "Nou kontan anpil dèske Radical AI pral etabli premye laboratwa syans materyèl ki totalman otonòm nan Nouyòk nan Brooklyn Navy Yard, pou l pwofite gwo kantite talan ki genyen nan Vil Nouyòk epi pou l kontribye nan estati li kòm kapital IA aplike nan mond lan. Nouvo katye jeneral dènye kri Radical AI la pral kreye plis pase 100 djòb ki oryante sou lavni, sèvi kòm yon sant kle pou eksperimentasyon ak rechèch sou IA, epi ranfòse angajman Vil Nouyòk anvè inovasyon materyèl dirab, ansanm ak inisyativ ki deja an kou tankou Gotham Foundry."

**Manm Asanble Steven Otis te deklare,** "Felisitasyon pou Gouvènè Hochul, Empire State Development NYS la, ak inovatè rechèch ak teknoloji a, Radical AI, pou nouvo enteresan laboratwa rechèch materyèl dènye kri a ki pral nan Brooklyn Navy Yard la. Rechèch, devlopman, ak tès materyèl yo esansyèl pou avni ekonomik, anviwònman, ak teknolojik nou an. Radical AI se yon lidè nan itilizasyon IA pou egzamine adaptabilite materyèl pou inovasyon enèji ak teknoloji. Rechèch enpòtan sa a pral bay nesans a nouvo opòtinite ekonomik ak kwasans epi li mete aksan ankò sou lidèchip Nouyòk nan inovasyon teknolojik. Anons sa a se yon egzanp tou sou siksè Gouvènè Hochul nan fason li konsantre sou ekspansyon travay nan endistri teknoloji yo ak sinèji Nouyòk ofri lè li mennen konpayi sa yo nan eta nou an."

Fonde an 2024, Radical AI te grandi soti nan yon ti ekip rechèch pou rive nan yon konpayi k ap grandi rapidman epi ki konsantre sou akselere dekouvèt materyèl pwochen jenerasyon an. Jodi a, konpayi an anplwaye apeprè 34 syantis, enjenyè ak teknològ k ap travay nan entèseksyon entèlijans atifisyèl, wobotik ak chimi materyèl. Misyon konpayi an se devlope, teste, epi komèsyalize klas materyèl ki totalman nouvo ki ka transfòme yon pakèt endistri—soti nan ayewospasyal ak enèji rive nan enfrastrikti, defans ak fabrikasyon. Teknoloji otonòm yo konbine entèlijans atifisyèl ak yon laboratwa otonòm pou dekouvri rapidman materyèl ki totalman nouvo ki ta pran 10 a 20 ane pou devlope. Apwòch sa a pèmèt inovasyon pi rapid nan tout endistri tankou enèji, transpò, ak fabrikasyon avanse, sa ki ranfòse wòl vil la nan devlopman teknoloji pwochen jenerasyon an.

Radical AI gen plan pou konvèti yon espas biwo ki deja egziste an yon laboratwa syans materyèl avanse ki byen ekipe ak zouti espesyalize, liy gaz, sistèm wobotik, plan sekirite ak òganizasyonèl ki ajou, ak amelyorasyon enfrastrikti esansyèl. Laboratwa otonòm Radical AI la pral konsantre sèlman sou dekouvri nouvo materyèl inòganik atravè eksperimantasyon ak rechèch ak devlopman ki baze sou entèlijans atifisyèl (IA). Apwòch gwo pwodiksyon konpayi an pral akselere pwosesis ki tradisyonèlman ralanti pou dekouvri materyèl yo pa 370 fwa, sa ki pral kreye nouvo materyèl ki gen aplikasyon nan plizyè endistri.

Avèk ekspansyon li nan Brooklyn Navy Yard la, Radical AI pral plis apwofondi prezans li nan Vil Nouyòk epi ranfòse lidèchip k ap grandi nan vil la nan entèlijans atifisyèl, fabrikasyon avanse, ak rechèch teknoloji pwofon. Investisman sa a ranfòse ekosistèm inovasyon vil la lè li asosye kapasite entèlijans atifisyèl dènye kri ak talan syantifik klas mondyal, sa ki kreye yon nouvo sant pou dekouvèt materyèl ki pral sipòte fòmasyon nouvo antrepriz, komèsyalizasyon, ak kwasans ekonomik alontèm nan plizyè endistri. Kòm syans materyèl yo soutni tout bagay, soti nan enèji ak transpò rive nan defans ak fabrikasyon, prezans Radical AI nan Brooklyn Navy Yard la mete Vil Nouyòk nan premye liy pou gwo dekouvèt teknolojik k ap vini yo.

Syans materyèl otonòm konbine entèlijans atifisyèl, wobotik, ak chimi avanse pou dekouvri rapidman materyèl totalman nouvo ki ta pran plizyè ane pou devlope otreman. Apwòch sa a pèmèt inovasyon pi rapid nan tout endistri tankou enèji pwò, transpò, ak fabrikasyon avanse, sa ki ranfòse wòl vil la nan devlopman teknoloji pwochen jenerasyon an.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development se ajans prensipal devlopman ekonomik Nouyòk, epi li ankouraje kwasans biznis, kreyasyon djòb, ak pi gwo opòtinite ekonomik atravè eta a. Ak biwo nan chak nan 10 rejyon eta a, ESD sipèvize [Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal \(Regional Economic Development Councils\)](#) yo, sipòte ekite wo debi atravè biwo ConnectALL la, epi li ap ogmante mendèv demen an atravè Biwo Devlopman Mendèv Estratejik (Office of Strategic Workforce Development). Ajans lan angaje ak endistri k ap vini ak pwochen jenerasyon tankou enèji pwòp ak fabrikasyon semi-kondiktè k ap grandi nan Eta Nouyòk, opere yon rezo sant asistans pou ede ti biznis yo

grandi ak reyisi, epi ankouraje destinasyon touris klas mondyal yo atravè I LOVE NY. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [esd.ny.gov](https://esd.ny.gov), epi konekte ak ESD sou [LinkedIn](#), [Facebook](#) ak [X](#).

### **Enfòmasyon sou Radical IA**

Radical AI se yon konpayi materyèl ki konbine entelijans atifisyèl ak yon laboratwa wobotik otonòm pou dekouvri nouvo materyèl inòganik pou endistri kritik tankou ayewospasyal, enfrastrikti, defans, enèji ak fabrikasyon. Konpayi an itilize teknoloji IA pou teste plizyè milya materyèl epi idantifye pi bon kandida yo, sentetize epi teste kandida sa yo nan yon laboratwa otonòm, epi kaptire done eksperimantal enpòtan pou amelyore prediksyon li pral fè pi devan nan yon sistèm k ap travay an bouk. Radical ranmase 55 milyon dola nan finansman demaraj dirije pa RTX Ventures avèk patisipasyon NVentures (NVIDIA), Noa, Eni, Infinite Capital, ak AlleyCorp. Konpayi an se yon patnè Depatman Enèji nan White House Genesis Mission epi li gen yon kontra ak AFWERX, yon Fòs Ayeryen pou l devlope alyaj ki gen gwo nivo entwopi pou vòl ipèsònik. Pou plis enfòmasyon, vizite [radical-ai.com](https://radical-ai.com).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)